



Avni Blue Hill Plan Aksyon Transpò



MBTA ak Vil Boston ap travay ansanm pou redevlope Avni Blue Hill ant Warren Street nan Grove Hall ak River Street nan Mattapan Square.

An fevriye, Vil Boston ak MBTA te anonse yon envestisman istorik pou redevlope Avni Blue Hill la pou pi byen desèvi pasaje bis yo, kreye kondisyon ki pi an sekirite pou pyeton ak otomobilis, ajoute pye bwa epi enstale nouvo ekipman pou yon koridò ki chaje ak aktivite pou ti biznis yo. Yon nouvo konsepsyon milti-modal pral ajoute yon liy otobis santral pou plis pase 40,000 pasaje ki itilize Avni Blue Hill chak jou lasemèn, epi pi byen defini espas pou chofè yo ak pyeton yo, kreye yon eksperyans ki pi an sekirite ak pi aksesib pou tout moun.

Ap Rive Byento!

Vil Boston ap fè yon seri amelyorasyon akoutèm soti prentan sa a epi k ap dire jiska rès ane 2024 la pou amelyore sekirite, aksè ak rezistans nan Avni Blue Hill. Pandan kèk mwa kap vini yo, ou ka atann sa ki annapre yo sou koridò a:

- Rafreshi penti sou pasaj pyeton ak sou wout yo Repave seksyon ki andomaje nan wout la
- Repavaj seksyon ki andomaje nan wout yo
- Kontinye antretyen twou
- Re-ensemblé estati Rise Gateway la (te konplete nan kòmansman mwa me!)
- Repare twotwa
- Enstalasyon polis kouche nan katye yo
- Enstale twati vèt pou abri otobis yo
- Amelyore ekleraj piblik yo

Chanjman nan limyè trafik yo pou ogmante tan pyeton yo gen pou travèse epi redwi konfli ak machin yo.

Yon redevlopman multimodal ki enkli tout itilizatè wout yo.

Karakteristik ki pral enkli nan Plan Aksyon Transpò Avni Blue Hill:

- Espas defini pou tout itilizatè lari yo ki pral pèmèt sikilasyon pi dousman, diminye konfli ant otomobilis, pyeton, itilizatè transpò piblik ak siklis
- Koridò otobis santral ki genyen yon platfòm elve ak nouvo abri otobis amelyore pou yon pi bon eksperyans pou pasaje
- Limyè trafik yo amelyore pou bay otobis yo priyorite epi redwi reta poutèt trafik yo
- Amelyore sekirite pou pyeton yo, ki gen ladann pi bon vizibilite nan pasaj pou pyeton yo, de nouvo pasaj amelyore pou pyeton yo, ak distans pou travèse ki pi kout
- Anpil plis pye bwa nan koridò a



Avni Blue Hill jodi a se yon lyen vital pou plis pase 40,000 pasaje otobis yo.

Kredi foto: MBTA

Patisipe nan pwosesis konsepsyon an

MBTA ak Vil Boston ap kontinye kolekte fidbak nan men rezidan yo ak biznis lokal yo nan chak blòk katye. Konvèsasyon sa yo pral detèmine anplasman platfòm otobis yo, distribisyon espas yo, elaji ak amelyore pasaj pou pyeton yo, ak règ pakin yo, pami lòt amelyorasyon.

Veye pou wè de atelye pop-up nan koridò a an me ak jen. Vin jwenn nou pou yon jounen ouvè nan 25 ak 27 jen (detay sou do fèy la), kote nou pral woule manch nou epi make lide ou nou yo yon kat. Jwenn dat, anplasman ak yon fòm fidbak sou Entènèt (ap vini byento!) nan www.mbta.com/bluehillave.

Tande Kominote a

- Apre plizyè ane angajman nan kominate a (pou plis enfòmasyon, vizite boston.gov/blue-hill-ave), fidbak ou a te klè: Avni Blue Hill pa ka rete nan eta li ye kounye a. Machin ki estasyone sou de liy, otobis ki bloke nan sikilasyon, gwo pouvantaj aksidan sikilasyon, pasaj pyeton danjere... sa yo se kèk nan pwoblèm MBTA ak Vil Boston te tande itilizatè Avni Blue Hill te di. Pandan pwojè a ap pwogrese, ekip pwojè a pral mande fidbak ou pou ede fòme konsepsyon an, tankou:
- ANPLASMAN PLATFÒM BIS
- SEKIRITE PYETON
- PAKIN
- MONTE BISIKLÈT
- ENFRASTRIKTI VÈT

Aprann Plis

Sitwèb pwojè MBTA:
mbta.com/bluehillave

Sitwèb Pwojè Vil Boston:
Boston.gov/blue-hill-ave

Enfòmasyon pou kontakte yo

Adrès imèl MBTA:
Betterbusproject@mbta.com



Adrès imèl vil Boston:
Bluehillave@boston.gov

Nimewo telefòn vil Boston:
617-635-3944



Kòd QR pou sitwèb pwojè a

Nan kòmansman mwa me, vil Boston te re-enstale eskilti "Rise" Fern Cunningham ak Karen Eutemey nan Mattapan Square.

Kredi foto: Vil Boston